

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Panalungtikan naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar mangrupa panalungtikan kualitatif, nu ngagunakeun métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan ti jalma-jalma jeung paripolahna nu bisa ditalungtik (Bogdan jeung Taylor dina Moleong, 2007, kc. 4).

David Wiliam (dina Moleong, 2007, kc. 5) nétélakeun nu disebut panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu ngumpulkeun data tina hiji latar alamiah, ngagunakeun métode alamiah, sarta dilakukeun ku panalungtik anu ka irut sacara alamiah.

Cindekna panalungtikan kualitatif téh nya éta panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham *fenomena* naon nu kaalaman ku hiji subjék panalungtikan, misalna: paripolah, sawangan, motivasi, tindakan, jeung sajabana sacara holistik, ku cara ngadéskripsikeun ngaliwatan kecap-kecap jeung basa, tina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun metodé alamiah.

Patali jeung pamarekan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis. Ratna (2013, kc. 53) nétélakeun yén métode deskriptif analisis nya éta métode anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanna pikeun nyangking unsur-unsurna, nu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis. Jadi, saméméh ngalaksanakeun tahap analisis, panalungtik diperedih pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina obyék nu rék dianalisis. Cindekna, métode déskriptif analisis téh nya éta métode nu dilaksanakeun pikeun meunangkeun pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis.


Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita, sturktur naskah drama jeung psikoanalisis nu aya dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan nya éta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Désain dina rarancang panalungtikan antukna bisa meunangkeun hiji logika. Desain panalungtikan nu dilaksanakeun miboga sababaraha tahapan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc.61) aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta:

- 1) milih masalah;
- 2) studi pendahuluan;
- 3) ngarumuskeun masalah;
- 4) ngarumuskeun hipotésis;
- 5) milih pamarekan;
- 6) nangtukeun variabel jeung sumber data;
- 7) nangtukeun jeung nyusun instrumen;
- 8) ngumpulkeun data;
- 9) nganalisis data; jeung
- 10) nyieun kacindekan.

Ieu di handap mangrupa bagan ngeunaan léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan.

Bagan 3.1**Desain panalungtikan**

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah nu paling penting (stratégis) dina hiji panalungtikan, éta hal balukar tina tujuan utama panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data. Mun teu mikanyaho téhnik ngumpulkeun data, panalungtik moal bisa meunangkeun data nu nyumpunan standar data nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2011, kc. 224)

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data atawa nganalisis data nya éta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ieu panalungtikan, data anu geus ka paluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik 1) analisis struktur naskah drama, 2) analisis struktur carita, jeung 3) analisis aspék psikologi sastra. Nurutkeun Patton dina Moleong, 2012, kc. 280), analisis data nya éta prosés ngelompokkeun data, ngaorganisasikeun kana hiji pola, jeung sistem uraian dasar.

Dina ieu panalungtikan, hal nu dianalisis nya éta struktur carita, struktur naskah drama jeung psikoanalisis dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar. Struktur carita nu dianalisis dumasar kana konsep Hasanuddin, nu ngawengku téma, tokoh, latar, alur jeung amanat. Sedengkeung Struktur naskah drama nu dianalisis dumasar kana konsép Sumardjo & Saini. Sedengkeun psikoanalisis dina ieu panalungtikan dumasar kana téori Sigmund Freud anu ngabagi struktur kapribadian jadi tilu kategori nya éta *id*, *ego*, jeung *superego*.

Muhammad Febri Diantoro, 2018

NASKAH DRAMA “KALANGKANG” KARYA NAZARUDIN AZHAR: Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data panalungtikan nya éta:

- 1) maca jeung maham kana naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar;
- 2) nganalisis struktur naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar;
- 3) nganalisis struktur carita naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar.
- 4) nganalisis aspék psikologi sastra (psikoanalisis) dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar;
- 5) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun jeung ngaklasifikasilkeun data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data mangrupa bahan nu kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah nu keur ditalungtik. Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013 kc. 262). Instrumén panalungtikan ogé dipaké sangkan nganalisis data bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Dina kartu data nu aya dina panalungtikan aya informasi ngeunaan cutatan nu ngagambarkeun struktur carita, struktur naskah drama, jeung psikoanalisis palaku jeung penokohan. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu dipaké dina ieu panalungtikan.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta ngagunakeun tabél. Sangkan leuwih écés, ieu dihandap mangrupa tabél data anu digunakeun dina ieu panalungtikan:

Tabél 3.1

Instrumén Katégorisasi Buku

No	Katégori	Judul Buku	Keterangan
1.	Kebudayaan		
2.	Sastra		
3.	Kabasaan		

Tabél 3.2

Instrumén Struktur Naskah Drama

No	Struktur Naskah	No	Cutatan
1.	Prolog		
2.	Dialog	-Wawancang	
		-Kramagung	
3.	Sosilokui		
4.	Aside		

5.	Babak		
6.	Adegan		
7.	Épilóg		

Tabél 3.3
Instrumén Struktur Carita

No	Unsur	Kode	Cutatan
1.	Téma		
2.	Tokoh		
3.	Latar	-Tempat	
		-Waktu	
		-Sosial	
4.	Alur	-Eksposisi	
		-Komplikasi	
		-Klimaks	
		-Resolusi	
		-Konklusi	
5.	Amanat		

Contona: a) Kode 10/2
 b) Kode K1/2

Katerangan:

10: nomor urut dialog

K1: nomor urut kramagung

2 : kaca

Tabél 3.4
Instrumén Psikologi Sastra

No	Psikoanalisis	No	Cutatan
1.	Id		
2.	Égo		
3.	Superégo		

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Kutipan 3.1
Analisis Struktur Naskah Drama

<p>KARTU DATA</p> <p>Analisis struktur naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar</p> <p>(cutatan struktur naskah dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar)</p> <p>(kaca)</p>

Kutipan 3.2
Analisis Struktur Carita


Muhammad Fe
NASKAH DRAMA
Sastra
Universitas Per

<p>KARTU DATA</p> <p>Analisis struktur carita naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar</p> <p>(cutatan struktur carita dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar)</p>
--

Psikologi

Kutipan 3.3

Kartu Data Analisis Psikologi



3.4 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh eusi nu aya dina naskah drama “Kalangkang” Panalungtikan naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar mangrupa panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2007, kc. 157) sumber utama dina panalungtiksn kualitatif nya éta kekecapan jeung paripolah, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumen, jeung sajabana. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sagala rupa réferénsi, boh buku, jurnal, éséy, jeung warta dina média massa ngeunaan naskah drama, ogé buku sumber nu patali jeung ieu panalungtikan. Sumber data utama dina ieu panalungtikan nya éta naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar nu diterbitkeun ku Téater Sunda Kiwari (TSK) minangka salah sahiji naskah dina pasanggiri Festival Drama Basa Sunda (FDBS) ka-17 taun 2016.

3.4.1 Idéntitas Data

Anapon idéntitas naskah drama “Kalangkang” nya éta ieu di handap.

Judul	: Kalangkang
Pangarang	: Nazarudin Azhar
Kandel Naskah	: 18 Kaca

Naskah Drama “Kalangkang” mangrupa naskah nu diterbitkeun ku Téater Sunda Kiwari (TSK) minangka salah sahiji naskah dina pasanggiri Festival Drama Basa Sunda (FDDBS) ka-17 taun 2016. Ieu naskah dijieun ku pangarang dina taun 2015 di Tasikmalaya. Naskah drama “Kalangkang” kungsi dipagelarkeun ku Sanggar Mahasiswa Basa Sunda (SAMBADA) dina pagelaran teater kampus taun 2016 jeung Festival Drama Basa Sunda (FDDBS) taun 2016 nu diayakeun ku Téater Sunda Kiwari. Nepi ka kiwari naskah drama “Kalangkang” karya Nazarudin Azhar tacan dibukukeun.

3.4.2 Pangarang

Nazarudin Azhar atawa sering disebut kang Nunu lahir di Tasikmalaya tanggal 23 Agustus 1973. Pangalaman organisasina di Teater SMIK Tasikmalaya. Dina taun 1990 anjeunna ngadegkeun Teater Dongkrak jeung Sanggar Sastra Tasik. Riwayat pakasabanana kungsi jadi penyiar jeung progamer di radio ti taun 1996 nepi ka taun 2013, Sanggar Sastra Tasik, Kujang ti taun 2004 nepi ka 2005, sarta di Kabar Priangan ti taun 2005 nepi ka ayeuna nu kalungguhan salaku Redaktur.

Anjeunna sastrawan Sunda nu ngarang naskah drama “Kalangkang” dina taun 2015. Sababaraha karyana kungsi dimuat dina média cetak saperti *Pikiran Rakyat*, *Nova*, *Cria Remaja*, *Syir’ah*, *Bandung Pos*, ogé dina sababaraha antologi. Sastra Sundana kungsi dimuat dina *Kabar Priangan*, *Kujang*, *Galura*, *Pikiran Rakyat*, *Tribun Jabar*, *Manglé*, jeung *Cupumanik*. Carpon, sajak, jeung naskah drama Sundana ogé bisa dibaca dina sababaraha antologi. Diantarana dina buku *Haleuang nu Ngajak Béngbat*, *Ti Pulpén tepi ka Pajaratan Cinta*, *Kembang Kadengda*, *Sajak Sunda*, *Kanagan*, *Kumpulan Naskah Drama ‘Jeblog’*, *Kumpulan*

Sajak 'Katumbiri', jsb. Sababaraha naskah dramana kungsi dipagelarkeun ku sababarah grup téater jeung dipaké pikeun naskah drama pilihan dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS).

Karangan Kang Nunu réa pisan, aya kana 300 leuwih. Hanjakal, kahéngkérana taya dokuméntasina. Kang Nunu kungsi nyangking sababaraha layang pangajén, diantarana Hadiah Sastra LBSS, Anugerah Kawisastra, jeung DK. Ardiwisastra.